



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SENK NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ NAN ESTASYON NFTA YO NAN ZÒN BUFFALO AK NIAGARA FALLS**

*Estasyon Metwo Inivèsite, Estasyon Metwo Utica, Sant Transpò Metwopoliten Buffalo, Sant Transpò Portage Road ak Lokal Sant Komèsyal/Pak Biznis AppleTree yo ap ouvri soti nan 14 me rive 15 me epi soti nan 17 me rive 19 me*

***NFTA pral bay yon lese pase gratis sèt jou pou moun ki pran vaksen yo nan youn nan sit yo***

***Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou sou baz ke y ap premye sèvi moun ki vini anvan yo***

***Nouvo sit vaksinasyon an nan Sahlen Field nan Buffalo ap kòmanse apati 1ye jen; moun ki pran vaksen nan sit la resevwa kupon pou tikè gratis nan jwèt Buffalo Bisons; Blue Jays pral resevwa tiraj vaksen an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a senk nouvo sit vaksinasyon tanporè nan arè estasyon Otorite Transpò Fwontyè Niagara (Niagara Frontier Transportation Authority, NFTA) nan zòn Buffalo ak Niagara Falls. Sit yo ap sèvi vizit san randevou yo sou baz ke y ap premye sèvi moun ki vini anvan yo nan itiliz vaksen Johnson & Johnson yon sèl dòz la. Eta New York ap fè patenarya avèk Sant Medikal Konte Erie, Kaleida Health, Urban Family Practice ak Sant Medikal Niagara Falls Memorial pou administre vaksen nan sit yo. NFTA pral bay yon lese pase gratis sèt jou bay moun ki vaksinen yo nan sit yo.

Gouvènè a te anonse tou apati 1ye jen, Sahlen Field nan Buffalo pral resevwa yon sit vaksinasyon. Nenpòt moun ki pran vaksen nan sit la ap resevwa yon kupon pou yon tikè gratis nan yon jwèt Buffalo Bisons. Sit la pral administre vaksen Johnson & Johnson yon sèl dòz la. Toronto Blue Jays pral resevwa yon tiraj vaksen pou pri, ki gen ladan kat tikè pou jwèt Blue Jays-Yankees nan Buffalo, twa boul bezbòl jwè vedèt yo otografe ak yon chanday yon jwè vedèt otografe.

"Pousantaj vaksinasyon an ap ralanti nan Eta New York epi amezi n ap atenn pwen kote Nouyòkè yo ki vle pran vaksen rive jwenn li, li enpòtan pou nou rann vaksinasyon an tankou yon pwosesis ki fasil nan mezi posib", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap etabli plis sit tanporè ak kite moun yo vini pran vaksen san randevou, epi nouvo sit sa

yo nan arè estasyon lokal yo pral ede vwayajè ak vizitè nan Lwès New York yo jwenn aksè ak vaksen an sou wout yo ki frekante nan zòn lan."

Sit yo pral ouvri soti nan vandredi 14 me rive samdi 15 me, epi lendi 17 me rive mèkredi 19 me. Moun yo k ap planifye pou pran vaksen an ankouraje prevwa plis tan nan trajè yo pou akomode ak pwosesis vaksinasyon an.

**Direktè Egzekitif Otorite Transpò Fwontyè Niagara a, Kim Minkel, te deklare,** "Si rejyon nou an pral rekipere toutbon apre pandemi sa a, nou bezwen pou otan moun posib pwofite opòtinite a epi pran vaksen. NFTA kontan anpil kontribiye nan efò eta a pou ede asire gen aksè fasil pou vaksen COVID-19 la pou tout itilizatè transpò an komen yo ak pou piblik la nan etabli senk sit vaksinasyon nan lokal ki pi frekante nou yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou patenarya li ak gwo lidèchip li nan kenbe Nouyòkè yo an sekirite ak rekonstwi eta sa a pi byen ke jan li te ye anvan".

Arè estasyon NFTA yo disponib anba la:

**Estasyon Metwo Inivèsite**

3383 Main Street  
Buffalo, NY  
Ouvri: 8 AM - 1 PM

**Estasyon Metwo Utica**

1391 Main Street  
Buffalo, NY  
Ouvri: 2 PM - 7 PM

**Sant Transpò Metwopoliten Buffalo**

181 Ellicott Street  
Buffalo, NY  
Ouvri: 8 AM - 1 PM

**Pak Sant Komèsyal/Biznis AppleTree**

2875 Union Road  
Cheektowaga, NY  
Ouvri: 2 PM - 7 PM

**Sant Transpò Portage Road**

1162 Portgage Road  
Niagara Falls, NY  
Ouvri: 2 PM - 7 PM

**Lidè Majorite Asanble a, Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Sa vin pi enpòtan pou nou kreyatif pou kapab atenn Nouyòkè yo ki poko pran vaksen an. Mwen aplodi nouvo inisyativ Gouvènè Cuomo a pou atenn rezidan Buffalo ak Niagara Falls yo nan kowòdone sit vaksinasyon tanporè yo nan bis NFTA ak arè estasyon metwo lokal epi

bay tou lese pase gratis sèt jou pou moun ki resevwa vaksen an. Nou dwe rann vaksen COVID-19 la osi fasil posib pou jwenn aksè pou atenn manm yo nan kominote a ki ka gen ezitasyon pou pran li, epi sit yo pral pote li dirèkteman bay vwayajè ak vizitè yo. Mwen remèsye Gouvènè a ak NFTA dèske yo ede pote vaksen an bay Nouyòkè Lwès yo epi mwen pa ka tann pou wè rezidan yo pwofite opòtinite vaksinasyon sa a ak lese pase NFTA gratis yo".

**Majistra Buffalo, Byron Brown te deklare,** "Lwès New York te genyen kèk nan pousantaj pozitivite COVID ki pi wo nan Eta a, epi kounye a nimewo nou yo tounen ap desann, nou dwe asire COVID la pa kapab refè sifas nan kominote nou an. Gouvènè Cuomo te isit la depi nan kòmansman pou etabli sit vaksinasyon ki sible espesyalman yo pou atenn kominote ak popilasyon yo ki gen pousantaj vaksinasyon pi ba yo epi sit vaksinasyon tanporè adisyonèl sa yo ke Sant Medikal Konte Erie (Erie County Medical Center, ECMC) ak lòt founisè swen sante nan arè NFTA yo administre pral rann li pi fasil pou moun nan Buffalo yo pran vaksen an pou nou kapab mete fen nan pandemi sa a yon fwa pou tout".

Anons sa a ajoute sou efò Eta New York kontinye fè pou rann vaksen COVID-19 la pi aksesib. Nan 10 me, Gouvènè a te anonse uit nouvo sit vaksinasyon tanporè nan [arè estasyon MTA](#) yo nan Vil New York, Long Island ak rejyon Mid-Hudson yo. Nan dat 27 avril, Gouvènè Cuomo te anonse ke apati 29 avril, tout sit vaksinasyon an mas eta yo ap ouvè pou vizit san randevou, yon kontinuite nan efò pou rann li pi fasil pou Nouyòkè yo vaksinen. Anplis, yo ankouraje tout founisè vaksen yo pou pèmèt vizit san randevou epi elimine lòt baryè pou vaksinasyon yo pou Nouyòkè ki kalifye yo.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov). Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib la.

Eta New York kontinye ouvri sit vaksinasyon kominotè tanporè nan kominote ki defavorize atravè eta a. Depi 15 janvyè, plis pase 200 sit kominotè tanporè te administre plis pase 77,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)